

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan intransitif dina novél *Mercedes 190* karya Muh. Rustandi kartakusuma, bisa dirangkum saperti ieu di handap.

Aya 133 kecap pagawéan intransitif nu dianalisis dumasar wangun, fungsi, jeung harti, kalawan frékuénsi makéna nya éta 239 kali. Kecap pagawéan intransitif nu kapanggih aya 3 rupa, nya éta kecap pagawéan intransitif salancar, kecap pagawéan intransitif rundayan, jeung kecap pagawéan intransitif rajékan, saperti nu dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Kecap pagawéan intransitif salancar nu kapanggih tina analisis aya 53 kecap, nu frékuénsina 100 kali (100%). Kecap pagawéan intransitif salancar téh di wangun ku sababaraha engang, nya éta di antarana wangun kecap salancar dwiengang 44 kecap frékuénsi makéna 90 kali (100%), wangun kecap salancar triengang 6 kecap frékuénsi makéna 6 kali (100%), wangun kecap salancar caturengang 2 kecap frékuénsi makéna 2 kali (100%), jeung kecap salancar pancaengang sakecap frékuénsi makéna 2 kali (100%),
- 2) Kecap pagawéan intransitif rundayan nu kapanggih aya 55 kecap, nu frékuénsi makéna 104 kali (100%). Kecap pagawéan intransitif rundayan téh aya 6 rupa rarangkén kecapna, nu ngawengku 3 rupa rarangkén hareup nya éta 43 kecap rarangkén hareup *n-* (nasal) nu frékuénsi makéna 92 kali (100%), sakecap rarangkén hareup barang- nu frékuénsina makéna sakali (100%), sakecap rarangkén hareupa ka- nu frékuénsi makéna sakali (100%). Lian ti eta aya ogé 2 rupa rarangkén tengah, nya éta 6 kecap

Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

rarangkén tengah –ar- nu frékuénsi makéna 8 kali (100%), jeung sakecap rarangkén tengah –um- nu frékuénsi makéna sakali (100%).



Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Nu pamungkas, aya ogé sarupa rarangkén barung, nya éta sakecap rarangkén barung pika-eun nu frékuénsi makéna sakali (100%).

- 3) Kecap pagawéan intransitif rajékan nu kapanggih dina ieu panalungtikan nya éta aya 25 kecap. Tina 25 kecap pagawéan intransitif rajékan téh ngawengku 7 rupa kecap dwimurni (*Dm*) nu frékuénsi makéna 8 kali (100%), sarupa kecap dwimurni (*Dm*) binarung rarangkén *k-Dm* nu frékuénsi makéna sakali (100%), 9 rupa kecap dwireka (*Dr*) nu frékuénsi makéna 10 kali (100%), sarupa kecap dwipurwa (*Dp*) nu frékuénsi makéna sakali (100%), jeung 7 rupa kecap dwipurwa binarung rarangkén *dp-an* nu frékuénsi makéna 10 kali (100%).
- 4) Fungsi kecap pagawén intransitif nu kapanggih nya éta fungsi infléktif jeung fungsi dérivatif. Fungsi infléktif kecap pagawéan intransitif nu kapanggih aya 105 kecap frékuénsi makéna 193 kali (100%); ari fungsi dérivatif nu kapanggih aya 28 kecap nu frékuénsi makéna 42 kali (100%) wangun asal nu kapanggih tina fungsi dérivatif nya éta, 7 kecap tina kecap barang nu frékuénsi makéna 7 kali (100%), 2 kecap tina kecap sipat nu frékuénsi makéna 4 kali (100%), 16 kecap tina kecap panganteur pagawéan nu frékuénsi makéna 28 kali (100%), jeung 3 kecap tina cakal nu frékuénsi makéna 3 kali (99,99%).
- 5) Harti kecap pagawéan intransitif salancar nu kapanggih miboga harti ‘aktifitas’ 60 kecap frékuénsi makéna 60 kali (100%), harti ‘prosés’ 2 kecap frékuénsi makéna 6 kali (100%), harti ‘mutataif’ 21 kecap frékuénsi makéna 41 kali (100%), harti ‘miraga’ 7 kecap frékuénsi makéna 11 kali (100%).

Harti kecap pagawéan intransitif rundayan nu kapanggih miboga harti ‘ngalakukeun pagawéan nu teu tangtu obyékna’ sakecap frékuénsi makéna sakali (100%), harti ‘nuju ka’ sakecap frékuénsi makéna sakali (100%), harti ‘nyababkeun’ sakecap frékuénsi makéna sakali (100%), harti ‘ngalakukeun’ 22 kecap frékuénsi makéna 50 kali (100%), harti ‘dihaja tur loba palakuna’ 6 kecap frékuénsi makéna 10 kali (100%), harti ‘lila

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
 Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

sababraha kali' sakecap frékuénsi makéna sakali (100%), harti 'nyieun jadi' 5 kecap frékuénsi makéna 8 kali (100%), jeung harti 'aya dina kaayaan' 18 kecap frékuénsi makéna 31 kali (100%).

Harti kecap pagawéan intransitif rajékan nu kapanggih ngandung harti 'rada' (dimunutif) sakali frékuénsi makéna sakali (100%), harti 'terusterusan' (kontinuatif) 7 kecap frékuénsi makéna 8 kali (100%), harti 'kaayaan' (eksistif) 2 kecap frékuénsi makéna 2 kali (100%), harti 'remen' (frékuéntatif) 6 kecap frékuénsi makéna 8 kali (100%), jeung harti 'migawé enya-nya' (intensitif) 9 kecap frékuénsi makéna 12 kali (100%).

- 6) Bahan pangajaran kecap pagawéan intransitif bisa diajrakeun pikeun kelas IX semester hiji, ku sabab bahan ajar kecap pagawéan intransitif mah henteu langsung minangka kompetensi dasar, nya bahan ajarlapke kecap pagawéan intransitif téh diselapkeun dina pangajaran maca, dina lebah pangajaran maca novél. Pikeun ngungkulanana, indikator kecap pagawéan intransitif diselapkeun kana indikator pangajaran maca.

Dumasar kana rangkuman di luhur, bisa dicindekkeun yén dina novél Mercedes 190 karya Muh. Rustandi Kartakusuma aya 133 kecap pagawéan intransitif kalawan frékuénsi makéna 239 kali. Kecap pagawéan intransitif dina ieu data dianalisis dumasar wangun, fungsi, jeung harti. Ditilik tina wangunna aya tilu wangun kecapa pagawéan intransitif nu kapanggih, nya éta wangun kecap pagawéan intransitif salancar, wangun kecap pagawéan intransitif rundayan, jeung wangun kecap pagawéan intransitif rajékan. Tina tilu wangun kecap eta téh miboga dua fungsi nya éta fungsi infléktif jeung fungsi dérivatif. Harti kecap pagawéan intransitif bisa dititénan tina pedaran di luhur.

5.2 Rékomendasi

Ieu panalungtikan bisa dilarapkan dina pangajaran maca novél, siswa lian ti bisa mikaweruh ngeunaan elmu sastra tapi bisa mikaweruh ogé ngeunaan elmu

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

tatabasa hususna tatabasa ngeunaan kecap pagawéan intransitif anu dimekarkeun tina wangun kecap salancar, rundayan, jeung rajékan.

5.3 Saran

Tina hasil panalungtikan kecap pagawéan intransitif dina novél *Mercedes 190*, tétéla yén pangajaran kecap pagawéan intransitif téh bisa diajarkaeun di sakola hususna SMA. Salian bisa méré pangaweruh ngeunaan kecap pagawéan intransitif keur siswa ogé bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban hasanah elmu basa Sunda. Lian ti éta panalungtik ogé miharep pikeun mangsa nu bakal datang mugia aya panalungtikan anu leuwih jero deui ngeunaan kecap pagawéan intransitif sangkan bisa nambahan elmu pangaweruh pikeun nu maca sarta nambahan bahan ajar pikeun nu merlukeun data bahan pangajaran di sakola.

Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu